



†Bonaventure NAHIMANA
Evêque du Diocèse de Rutana

IJAMBO RISHIKIRIJWE N'UMWUNGERE WA DIYOSEZI RUTANA KU MUSI W'IMANA W'IJAMBO RY'IMANA, 26/01/2020

Bakristu, bakunzi b'Imana ba Diyosezi RUTANA,

1. Kw'italiki 30 Nyakanga 2019, Nyen'Ubweranda Papa Fransisko yarashinze Umusi Mukuru w'Ijambo ry'Imana uzokwama uhimbazwa ku musu w'Imana wa gatatu wo mu mwaka. Uyo musu uzohimbazwa ubwa mbere ku musu w'Imana igenekerezo rya 26 Nzero 2020.

None bavukanyi, nzinduwe no kuwubamenyesha ngo mushobore kuwuhimbaza neza.

2. Mu gushinga uyo musu mukuru, Umuvyeyi wacu Papa yishimikije Ivyanditswe vyeranda bidutumirira kwumviriza no kuzirikana Ijambo ry'Imana. Mu gitabu c'Umuhanuzi Nehemiya mu kigabane c'umunani, turabona ingene igihugu cose c'Abanyisraeli cakoraniye hamwe, hanyuma umwanditisi Esdrasi ahagaze ku gikwa c'ibiti bari bateguriye Ijambo ry'Imana, arazingurura igitabu mu maso y'igihugu c'Imana, ari ahakirurutse, aho bose bamubona arabasomera Ijambo ry'Imana. Kuva mu mutwenzi gushika ku mutaga, igihugu cose carumviriza kikazirikana Ijambo ry'Imana.

3. Ahandi Papa yafatiye mu gushinga uyo musu, ni Injiri ya Luka, aho Yezu amaze kuzuka yabonekera abigishwa biwe akabaha n'ubwenge bwo gutegera ivyanditswe vyeranda, aho yababwira ati : *“Ivyo nivyoya nahora ndababwira tukiri kumwe, hamwe nababwira ivyari vyanditswe vyose kuri jewe mw'itegeko rya Musa, mu bahanuzi, no mu ma zabuli ko bazoranguka”* (Lc 24, 44).

4. Ni vyiza ko natwe kuri uyu musu tugaruka kuri aya majambo, kugira ngo dutegere, ikibanza n'akamaro gahambaye Ijambo ry'Imana rifise mu buzima bwacu no mu muryango w'Ekleziya.

5. Ijambo ry'Imana riratwugurura ubwenge, rikatumurikira ngo dushobore gutegera iyo tuva n'iyoyu tuja, kugira ngo ntutunazimagirike mu buzima bwacu, kuko na kare Ijambo ry'Imana niwo muco uboneshereza zina muntu wese (Jn 1, 9). Ijambo ry'Imana niryo ridufoborera ishaka ry'Imana ngo dushobore kurirangura, kuko muri ryo Imana iratuyagira, iratwihishuka, kandi ikatumenyesha ibanga ry'ivyo ishaka, imigambi yayo yishingiye kuva kera (Eph 1, 9).

6. Yisunze inyigisho y'Inama nkuru ya Vatikano ya kabiri, inyigisho ndoramana yitwa *“Ijambo ry'Imana”* (*Dei Verbum*), Papa Fransisko aratwereka ako kamaro k'Ijambo ry'Imana. Umve namwe :

- Mu kurema ibintu vyose Imana yakoresheje Ijambo ryayo, ico Imana ivuze gica kibaho kuko Ijambo ryayo ari rurema (Amam 1).

- Iyo Mana yagiye irihishura abantu ikoresheje Ijambo ryayo yacishije ku bahanuzi, ariko muri kino gihe naho Imana yaratwihishutse mu kutuyagira iciye kuri Jambo ryayo rizima, Umukama wacu (Heb 1, 1-2).

- Na Yezu Kristu mu Nkuru Nziza yarakijije abantu benshi, akoresheje Ijambo ryiwe (Mat 9, 2 ; Mk 2, 2, 11).

7. Ijambo ry’Imana ni umuco kandi n’imfugurwa y’umutima, kuko na kare umuntu ntabeshwaho n’indya gusa, ariko abeshwaho n’Ijambo ryose riva mu kanwa k’Umukama (Amat 8, 3 ; Mat 4, 4). Ijambo ry’Imana ritwungira ubumwe rikaduha akanyamuneza kuzuye (1Jn 1, 4) ; Jn 15, 11). Ijambo ry’Imana ritugira abavukanyi ba Yezu Kristu , n’ukuvuga abana b’Imana (Lc 8, 21; Jn 1; 12). Ijambo ry’Imana rivyara amahoro, urukundo n’ubutungane mu bantu (1Jn 4, 8.10).

8. Ijambo ry’Imana rirafise ikibanza gihambaye cane mu Nkuka nyeranda ya Misa. Nico gituma igice ca mbere cose c’amasabamana cagenewe gusoma, kwumviriza no kuzirikana Ijambo ry’Imana. Iryo Jambo niryo mbere mu nyuma rihindura umukate n’umuvinyu bikaba umubiri n’amaraso vya Kristu. Inama nkuru ya Vatikano ya kabiri yaravuze ko mu Nkuka y’Imisa hari ameza abiri: ameza y’Ijambo ry’Imana n’ameza y’umubiri n’amaraso ya Kristu.

Ameza y’Ijambo ry’Imana, ni harya hashikirizwa Ijambo ry’Imana ngo ritubere imfungurwa y’umutima, tukaryinovora. Ameza y’umubiri n’amaraso ya Kristu ni Altari aho Umukama yihereza akatubera infungurwa. Kuri ayo meza uko ari abiri mu gisabisho kimwe ni tuhagaburirwa Ijambo ry’Imana hamwe n’umubiri n’amaraso ya Kristu.

9. Yezu Kristu yaratweretse ingene Ijambo ry’Imana ryodufasha gutsinda Shetani n’inyosha mbi zayo. Turabe igihe yageragezwa na Shetani, yayirukanishije Ijambo ry’Imana kuko incuru zitatu zose yishimikiza inyandiko nyeranda. Ubwa mbere ati *“Handitse yuko umuntu atabeshwaho n’indya gusa, ko abeshwaho kandi n’Ijambo riva mu kanwa k’Imana”*. Ubwa kabiri asubira ati : *“Handitse kandi ngo ntuze ugeze Umukama Imana yawe”*. Aruhira n’ubwa gatatu ati : *“Gwa hiyo wa Shetani kuko handitse ngo : “Uzosenga Umukama Imana yawe, uyikorere yo nsa”*.

Murumvise ko dukeneye gusoma Ijambo ry’Imana, tukarimenya kugira n’uwuje atubera inyosha mbi canke kuduhenda, kuduta mu rudubi, canke agomba kudutesha ibanga, tukamenya Ijambo ry’Imana ritomoye tumusubiza.

10. Niho rero bakristu nkunda nagomba ndabatumirire gusoma Ijambo ry’Imana, kurizirikana no kurigendera, mu ngo zanyu, mu buzima bwanyu no mu butumwa bwanyu, eka mbere no mu buzima bwa misi yose. Kuva uyu Muryango wacu wa Diyosezi ushinzwe, narabatumiriyeye gutunga igitabu c’Ijambo ry’Imana mu rugo rwose mbere mu kariha ikibanza kibereye mu nzu zanyu. Igitabu c’Ijambo ry’Imana mu kagishira mu kibanza gikirurutse, aho uwinjiye mu nzu zanyu akibona kikamwibuta ko Ijambo ry’Imana ari urumuri rumurikira ibirenge vyawe aho aja hose (Ps 118, 105).

Hageze igisabisho co mu gitondo canke co ku mugoroba, umwe wese akamenya aho atora ico gitabu kandi akagisubizaho. Muribuka ko no muri ca gisabisho co gusabira Umuryango wa Diyosezi yacu twama tuvuga imisi yose tuti : *“Duhe tugire umwete mu kwakira, kugendera no kumenyesha Ijambo ry’Imana mu ngo zacu, mu miryango yacu, no mu mibano yacu yose”*.

11. Ni musonere kandi mwubahe igitabu ca Bibiliya nyeranda kuko harimwo Ijambo ry'ubuzima, Abasomyi b'Ijambo ry'Imana, abamenyeshamana, mumenye kugifata neza. Hari aho usanga caratabaguritse, harimwo impapuro zavuyemwo, ukibaza icubahiro duha ico gitabu ceranda.

12. Ndipfuzwa ko mu ma paruwasi yose hokomezwa imigwi y'abasomyi b'Ijambo ry'Imana, imigwi ya Mukama Menyekana, kugira ngo ifashe mu butumwa bw'Ijambo ry'Imana mu Muryango wacu.

Twigenze nka ba bakristu ba mbere b'i Tesalonika Paulo Mweranda ashimagiza, kuko batakiriyeye Ijambo ry'Imana bashikirijwe nk'ijambo ry'abantu, ariko baryakiriye nkuko riri nyene nk'Ijambo ry'Imana ryama riha ubukomezi abemera bose (1Tes 2, 13). Niho tuzoshobora kwimika Ijambo ry'Imana mu mitima yacu, tukarizigama, tukariha icubahiro kuko ari Ijambo ry'ubuzima. Twibuke kandi ko ibintu vyose vyaremwe, isi n'ijuru, bizohera, ariko amajambo y'Umukama wacu Yezu Kristu azokwamaho imyaka yose (Mat 24, 35). Niho Umutumwa Petero agira ati : *“Mukama turi bwirukire nde wundi ko ari Wewe ufise amajambo y'ubuzima budahera”*.

13. Uyu musu mukuru w'Ijambo ry'Imana udufashe gukomera no gukura mu kwemera kwacu no mu rukundo, kandi twame twibuka iri jambo riri mu gitabu c'Amategeko ngo : *“Nkako, iryo jambo riri hafi yawe, rikaba mu kanwa kawe no mu mutima wawe kugira ngo urukurikize”* (Amat 30, 14).

14. Bikira Mariya we yemeye kwakira Jambo w'Imana akamwibungenga, akamuvyara ngo akize isi, n'atubere akarorero, natwe twakire Ijambo ry'Imana, turizigame, turizirikane mu mitima yacu ngo tubone kurishikiriza bene wacu, muri ryo basanganire Kristu Umukiza w'isi We shingiro ry'Umuryango w'abemera.

15. Ndabashize mu minwe y'Imana n'Ijambo ry'ubuntu bwayo. Rirashobora kubaremesha n'ukubaha iragi hamwe n'aberanda bose.

Ndabahezagiye, kw'izina rya Data na Mwana na Mutima Mweranda. Amen !

Bigiriwe mu Rutana, ku wa 09 Nzero 2020

† Bonaventura NAHIMANA
Umwungere wa Diyosezi ya RUTANA